



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 2 MILYON DOLA POU SIPÒTE VIKTIM OURAGAN MARIA KI TE DEPLASE YO KI AP VIV NAN NEW YORK**

*Aprè Senkyèm Vwayaj Gouvènè Cuomo a nan Pòtoriko depi apre Ouragan Maria, Inisyativ lan Ap Envesti 2 Milyon Dola pou Konekte Fanmi Pòtorikèn yo ak Sèvis Anplwa, Lojman ak Swen Sante yo*

*Plis Pase 11,000 Moun Pòtoriko Ki Te Deplase Ap Viv nan New York*

*Dènye Enfestisman Eta a Rive Apre Rapò FEMA ki Di Ke Ajans lan Pa't Prepare pou Ouragan Maria epi Li Neglijan nan Asistans pou Pòtoriko*

*Foto ak Videyo sou Senkyèm Vwayaj Gouvènè Cuomo a nan Pòtoriko yo Disponib [La a](#) ak [La a](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 2 milyon dola pou sipòte plis pase 11,000 viktim Ouragan Maria ki te deplase yo ki ap viv nan New York. Gouvènè a te fè anons lan apre ke li te retounen de sensyèm vwayaj li an nan Pòtoriko depi apre ke Ouragan Maria te frape nan mwa Septanm pase a. Envestisman inisyal 2 milyon dola a pral ale jwenn òganizasyon ki ap fè patenarya yo ki ap konekte moun Pòtoriko ki vilnerab yo ak sèvis ki nesèsè yo tankou anplwa, lojman, oryantasyon pou avantaj yo ak swen sante. Envestisman sa pami pi gwo angajman presedan Gouvènè a te pran pou bay jiska 11 milyon dola nan finansman pou lojman ak mendèv pou moun Pòtoriko ki te deplase yo, epi li rive apre piblikasyon yon rapò FEMA te fè soti ki te montre ke gouvènman federal lan te konplètman pa prepare pou Ouragan Maria epi li te enkapab bay asistans ke Pòtoriko te bezwen apre dezans lan.

“Depi nan premye jou, New York te kanpe bò kote frè ak sè nou yo ki soti Pòtoriko, nan akeyi fanmi di deplase yo ak bra ouvri epi li pral kontinye fè tout sa ki nesèsè pou ede Ameriken konpayon nou yo retounen kanpe sou pye yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Detrès Pòtoriko a pa't koze pa yon zak Bondye men pa echèk gouvènman federal lan yo. Pandan ke New York ap aji, tan an te plis ke pase pou gouvènman federal lan te pran responsabilite yo pou konsekans aksyon li yo epi kòmanse rektifye enjistis grav ki te angaje kont popilasyon Pòtoriko a.”

Envestisman inisyal 2 milyon dola a pral finanse pwogram lan atravè eta a ak yon fokus sou Vil New York, zòn Greater Rochester a, ak Distrik Kapital lan, kote majorite fanmi

ki deplase yo abite. Eta a pral bay finansman nan Catholic Charities, New York Disaster Interfaith Services (NYDIS), Urban Health Plan, Union Community Health Center, ak Diaspora for Puerto Rico ki nan Vil New York; ak nan Rochester the Ibero-American Action League ak Centro Civico of Amsterdam. Òganizasyon san bi likratif yo t'ap travay pou ede fanmi sa yo imedyatman apre Ouragan Maria, epi finansman sa pral pèmèt òganizasyon sa yo elaji travay yo ak fwaye ki te evakye kite Pòtoriko yo kòm yon konsekans dezast lan, evalyasyon nesessite yo ak sèvis jesyon ka yo.

Yo pral mete anfas lan sou konekte fanmi ki vilnerab yo ak sèvis ki nesessè yo tankou anplwa, lojman, orantasyon pou avantaj yo ak swen sante yo ki gen ladan Direktè Swen Sante Adomisil yo (Health Home Care Managers) al sèvis ki baze nan kominote yo. An plis, pwogram sa pral bay ti sibvansyon lajan kach pou fanmi yo reponn a bezwen ke sèvis ak pwogram aktyèl yo pa ka reponn a yo otreman. Òganizasyon yo nan tout sektè yo pral rasanble ansanm pou asiste fwaye ak fanmi sa yo pou yo reponn a bezwen yo. Yo te reyisi bay jesyon ka modèl sa yo bay fanmi yo apre pasaj Gwo Tanpèt Sandy a epi li te vital nan ede fanmi yo rekonstwi lavi yo.

“Atravè investisman yo, patenarya ak efò volontarya yo, nou ap ede konpayon Ameriken nou yo ki nan Pòtoriko rekonstwi epi rekipere, epi ede tou sila yo ki ap viv nan New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa pral asiste fanmi yo asire ke yo gen aksè a sèvis ke yo bezwen apre ke yo te deplase akòz Ouragan Maria. Pandan ke gouvènman federal lan pa’t prepare pou ouragan an epi pa’t rive asiste apre dezast lan, nou fyè pou nou garanti nouvel opòtinite lojman ak espas travay pou frè ak sè nou yo ki se kounye a gwo sitwayen Eta New York.”

**Monseyè Kevin Sullivan, ki se Direktè Egzekitif Catholic Charities of the Archdiocese of New York la, te deklare,** “Mwen te kontan anpil pou mwen rejwenn delegasyon resan Gouvènè Cuomo a nan Pòtoriko pou demontre angajman moun New York yo ki ap kontinye pou kanpe bò kote frè ak sè nou yo ki nan Pòtoriko pandan rekiperyasyon yo ki ap kontinye pou ouragan devastatè ane pase yo. Catholic Charities angaje nan efò alontèm yo pou ede ak rekiperyasyon epi tou pou bay sèvis ki nesessè yo pou plizyè milye moun ki te evakye soti Pòtoriko ki ap viv kounye a nan New York. Nan fè patenarya ak gouvènman an, lòt òganizasyon san bi likratif yo, òganizasyon travay, enstitisyon edikatif yo, sektè prive a ansanm ak lòt antite yo li enpòtan anpil pou rekonstwiksyon ki reyisi de pati enpòtan sa nan peyi Etazini”.

**Hilda Escher, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Ibero-American Action League, te deklare,** “Familyarize ak swen sante, jwenn anplwa, epi sekirize lojman se bagay ki difisil anpil, san konte si n’ap esye jere nesessite sa yo nan yon nouvel vil ki a plizyè santèn kilomèt de lakay nou. Malerezman pou moun Pòtoriko, sa te vin tounen yon reyalyte ki difisil pou anpil pami yo. Depi nan premye jou a, Gouvènè Cuomo te pran angajman ede zile a rekonstwi nan apre pasaj Ouragan Maria, epi anons jodi a se jis yonn nan yon lis long de fason ke li te angaje nan pwomès sa. Mwen felisite Gouvènè a poutèt sipò pèmanan li pou Pòtoriko epi poutèt li ap sipòte travay nou ap fè pou ede yo”.

**Peter B. Gudaitis, M.Div., ki se Direktè Egzekitif, New York Disaster Interfaith Services ak Prezidan Voluntary Organizations Active in Disaster (VOAD) nan Eta**

**New York yo, te deklare,** “Ak anpil fyète, Eta New York te pandan lontan lakay dyaspora Pòtorikèn nan. Pandan ke Ouragan Maria te devaste zile a mwa Oktòb pase a, anpil milye moun te chape al nan Vil New York, ansanm ak lòt kominote yo, pou chèche asistans nou - epi sou lidèchip Gouvènè a, travayè asistans ak rekiperasyon ki eksperimante ki soti New York yo kontinye rive sou zile a pou rekonstwi epi retabli. Pandan dis mwa ki sot pase yo, NYDIS ak patnè sèvis imen pou dezas nou yo t’ap rekonstwi lavi moun ki te evakye yo isit la tou. Pandan ke n’ap antre nan faz rekiperasyon alontèm nan, NYDIS angaje nan bay asistans ak resous pou ka asire ke tout moun ki te evakye yo ka akonpli rekiperasyon dirab, kit yo jwennabri nan New York oswa lè yo retounen nan Pòtoriko. Jodi a, nou fyèman ap kanpe ak Gouvènè Cuomo pou sipòte nouvel inisyativ rekiperasyon sa, epi travay ansanm ak li pou pote gerizon, asistans, ak lespwa pou konpayon Ameriken nou yo nan moman kriz yo”.

**Paloma Hernandez, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Urban Health Plan, te deklare,** “Nou kontan pou nou bay nenpòt asistans ki nesèsè pandan ke moun Pòtoriko ki deplase yo ap eseye rekonstwi lavi yo nan New York apre devastasyon Ouragan Maria. Pandan ke gouvènman federal lan te neglije epi inyore soufrans ke moun Pòtoriko yo te fè fas a yo depi apre Ouragan an, Gouvènè Cuomo ak New York te leve kanpe epi li te bay sipò ki nesèsè pou sila yo ki nan bezwen. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè a, epi nou espere ede nenpòt moun Pòtoriko ki te deplase yo ki nan New York”.

**Douglas L. York, Ph.D., Direktè Egzekitif Jeneral, Union Community Health Center, te deklare,** “Lavi anpil moun Pòtoriko te debakle nan apre pasaj Ouragan Maria a. Pandan ke anpil moun Pòtoriko ki deplase ap eseye ranmasè pati yo nan New York, Union Community Health Center angaje nan bay asistans epi ede nan nenpòt fason ki posib. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te ouvri bra yo bay moun Pòtoriko ki te deplase yo pandan ke y’ap rekonstwi lavi yo. Nou fyè pou nou travay ansanm ak Gouvènè an sou misyon sa”.

**Víctor R. Martínez, ki se Prezidan ak Fondatè, Diaspora for Puerto Rico, Inc., te deklare,** “Sou lidèchip Gouvènè a, New York te ede konstwi lavi moral, ki transfòme, epi bay resous alafwa isit la nan Empire State ak nan Pòtoriko. Dènye efò sa ap byen itilize ekspètiz New York pou fè li vin pi fasil pou sitwayen konpayon nou yo ki te fòse kite Pòtoriko apre pasaj dezas natirèl lan, pou aklimatè isit la nan eta nou an. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li sousye de popilasyon nou an epi poutèt li sipòte sèvis ak òganizasyon ki konpetan sou plan kiltirèl epi ki konsyan de defi ak difikilte ke anpil fanmi ak moun yo ap eksperimante. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou kontinye bay yon pi bon avni pou frè ak sè nou yo”.

**Ladan Alomar, ki se Direktè Egzekitif, Centro Civico of Amsterdam, te deklare,** “Mwen rekonesan pou lidèchip ke nou genyen nan New York ak vizyon Gouvènè a genyen pou ede vwazen nou yo ki nan bezwen pandan ke y’ap rekonstwi Pòtoriko pi djanm ke jamè. Nan kad efò global sa, nou pa dwe bliye fanmi yo ki te chape anba ouragan an ane pase a epi ki te vin nan New York pou rekòmanse a nouvo. Mwen aplodi investisman eta a nan kominote Pòtorikèn New York lan epi rekonèt nesèsite pou ede sitwayen Ameriken konpayon nou yo etabli yon kay yon lòt fwa ankò. Nou espere travay ansanm ak eta a pou asire ke fanmi sa yo resevwa asistans ke yo bezwen”.

**Manm Asanble a Marcos Crespo, ki se Ko-Prezidan Komite “New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstwiksyon Pòtoriko” (New York Stands with Puerto Rico Rebuilding and Reconstructing Committee) te deklare,** “Vwayaj semèn sa nan Pòtoriko te voye yon mesaj klè pou kominote Pòtorikèn nan pou di ke New York kanpe ak ou, nou ap sipòte ou, epi nou pral kontinye sipòte ou. Soti depi nan etidyan SUNY ak CUNY yo, pou rive nan ajans eta yo, pou rive nan otorite ki eli New York yo, pou rive nan volontè travay ki kalifye yo, pou rive nan òganizasyon san bi likratif yo, moun New York yo ap leve kanpe pou asiste epi sipòte efò rekonstwiksyon Pòtoriko yo. Soti depi nan premye vòl pou ale Pòtoriko a pou rive nan fanmi ki te deplase ki ap kreye kay yo nan Empire State, Gouvènè Cuomo la nan chak pa k’ap fèt pou tout moun ki bezwen asistans nou, epi mwen pwofondeman rekonesan anvè li pou lidèchip li”.

**Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare,** “Anpil moun te deja bliye Ouragan Maria ak moun ki toujou ap soufri nan Pòtoriko yo ak moun ki te deplase yo ki lwen de kay yo, men Gouvènè Cuomo pa’t bliye. Mwen aplodi Gouvènè a poutèt li konble vid lan epi ap bay asistans ke Washington pa’t rive bay fanm ak gason Pòtoriko yo. Mwen fyè pou mwen rejwenn Gouvènè a nan senkyèm vwayaj li sou zile a depi apre Maria — antan ke yon egzanp briyan de angajman New York pran anvè Pòtoriko, epi mwen aplodi investisman sa pou ede kominote Pòtorikèn nan rekonstwi nan New York”.

**Senatè Martin Dilan te deklare,** “Semèn sa mwen te ale ak fyète nan Pòtoriko ak Gouvènè Cuomo. Toujou genyen anpil devastasyon, anpil bagay pou nou fè nan Pòtoriko, epi li klè ke gouvènman federal lan gen tout bagay sof ke yo te bliye frè ak sè nou yo ki sou zile a. Gouvènè Cuomo ansanm ak tout delegasyon New York lan te kontinyèlman ap monte desann, epi yo te montre klè ke yo pral kontinye asiste kominote Pòtorikèn nan toutotan ke nou bezwen, epi mwen fyè pou mwen wè efò sa pou ede moun Pòtoriko yo ki te deplase yo kòm dènye etap nan asistans sa a”.

**Senatè Gustavo Rivera te deklare,** “Fas a repons rekiperasyon ki aberan ak neglijan yo nan men gouvènman federal nou an, mwen fyè pou mwen vwayaje ansanm ak Gouvènè Cuomo nan senkyèm vwayaj li an depi apre ke Ouragan Maria te ravaje Pòtoriko pou kanpe an solidarite ak frè ak sè nou yo ki sou zile a, epi pou ede Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstwiksyon Pòtoriko a (New York Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative). Efò apresyab sa pral kontinye bay resous ki nesèsè anpil pou moun Pòtoriko ki te egzile aktyèlman nan New York epi mwen aplodi Gouvènè an poutèt lidèchip ak devouman li anvè kòz lan”.

**Senatè José Serrano te deklare,** “Apre Ouragan Maria, anpil fanmi Pòtorikèn te fòse chape pou ka kreye nouvo kay nan New York. Menm jan ke Gouvènè Cuomo te yon defansè san fatige pou moun ki Pòtoriko yo, li ap yon lòt fwa ankò leve kanpe pou ede fanmi ki deplase yo aksede a resous ki vital yo ke yo bezwen pou jwenn travay, lojman epi pou konstwi pi bon lavi. Mèsi Gouvènè Cuomo poutèt, yon lòt fwa ankò, li ap montre ke New York pral toujou kanpe bò kote kominote Pòtorikèn nan”.

**Senatè Luis Sepúlveda te deklare,** “Se yon trajedi absoli ke plizyè milye moun Pòtoriko te gen pou chape kite kay yo ak kominote yo ke yo te konnen epi renmen apre pasaj Ouragan Maria. Sa ki pi mal lan, se ke anpil nan moun sa yo ka pa janm kapab

retounen lakay yo ankò sou zile a. Boulvèsman ke frè ak sè nou yo dwe santi pandan ke yo ap kòmanse ak nouvel lavi yo nan Eta New York li inimaginab, epi mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li reponn a gwo nesessite sa epi bay resous, sèvis ak asistans ki nesessè yo pou ede sitwayen Ameriken nou yo retounen kanpe sou de pye yo”.

**Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di,** “Pandan ke Washington kontinye vire do li bay Pòtoriko, manm nan Majorite Asanble a, ak espesyalman kòlèg mwen yo ki nan Fòs Entèvansyon Pòtorikèn/Ispanik lan (Puerto Rican/Hispanic Task Force), yo enpasyon pou yo sipòte konpayon Ameriken nou yo pandan ke y’ap kontinye rekipere de konsekans òrib Ouragan Maria. Nou angaje nan ofri moun Pòtoriko yo yon kote pou jwenn refij epi asire yo gen aksè a resous ak sèvis ke yo bezwen pandan pwosesis rekipasyon ki long epi difisil sa a”.

**Manm Asanble Carmen Arroyo te deklare,** “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te kouri al ede frè ak sè nou yo ki nan Pòtoriko pandan ke y’ap travay pou rekonstwi lavi yo nan apre pasaj Ouragan Maria a. Ak dènye inisyativ sa, New York ap bay sèvis sipò pou moun Pòtoriko sa yo ki te deplase yo ki nan New York pandan ke y’ap travay pou aklimatè ak yon nouvo kay. Pandan ke gouvènman federal lan neglije pran responsablite yo epi ap trete tout moun ki nan Pòtoriko yo kòm sitwayen dezyèm klas, New York te poze aksyon. Mwen fyè pou mwen travay ansanm ak yon Gouvènè ki te reyèlman leve kanpe pou ede sitwayen Ameriken yo ki nan bezwen”.

**Manm Asanble Maritza Davila te deklare,** “Repons detestab gouvènman federal lan pou Ouragan Maria te kite Pòtoriko ki toujou an difikilte pou ka rekonstwi. Pandan ke Washington inyore sitwayen Ameriken ki bloke yo, Gouvènè Cuomo te fè New York vin yon sous sipò ki konsistan epi ki enkwayab pou Pòtoriko. Mwen felisite Gouvènè a poutèt lidèchip li, epi mwen espere ede frè ak sè Pòtoriken ki te deplase yo kreye novou kay yo nan New York”.

**Manm Asanble Carmen De La Rosa te deklare,** “Nou dwe fè tout sa ke nou kapab pou ede frè ak sè Pòtoriken yo ki alafwa sou zile a ak nan New York. Apre vwayaj ke nou te fè pou ede efò rekonstwiksyon an, Gouvènè a ap yon lòt fwa ankò leve kanpe pou ede efò soulajman yo, fwa sa ak sipò pou moun Pòtoriko ki deplase yo ki nan New York. Sa pral ede yo jwenn anplwa, lojman epi kreye nouvel lavi pou tèt yo isit la. Se yon pwogram ki konpatisan epi ki ekstrèmman enpòtan ki pral rann moun New York yo fyè”.

**Manm Asanble Erik Dilan te deklare,** “Sou lidèchip Gouvènè a, New York ap yon lòt fwa ankò bay Washington yon egzantp. Pandan ke Administrasyon Trump lan ap kontinye bay do a konpayon sitwayen Ameriken nou yo, nou ap kapitalize sou jenewozite ak lanmou ke moun New York yo gen pou ofri. Mwen remèsye founisè ak òganizasyon yo ki te leve kanpe pou ete mete pwogram sa sou pye epi mwen espere akeyi frè ak sè nou yo nan kominote nou yo ak bra ouvri”.

**Manm Asanble Victor Pichardo te deklare,** “Frè ak sè nou yo ki te kite Pòtoriko apre pasaj Ouragan Maria merite opòtinite pou reyèlman rejwenn kominote New York nou an. Pandan ke gouvènman federal lan ap neglije obligasyon yo pou ede sitwayen konpayon nou yo, Gouvènè Cuomo ap mete sèvis ki disponib pou ede fanmi sa yo debwouye yo epi fè li vin pi fasil pou ka etabli yon nouvo kay nan Eta New York”.

**Manm asanble Phil Ramos te deklare,** “Se pa yon sekre ke repons gouvènman federal lan pou Ouragan Maria te absoliman wonte. Si se pa’t pou Gouvènè Cuomo ak efò pèmanan li yo pou ka rekonstwi zile a, pakèt moun Pòtoriko ta pral toujou san kouran, kay, ak lòt nesosite ki enpòtan anpil yo. Ak nouvel resous sa yo ke yo te anonse jodi a, Gouvènè Cuomo ap yon lòt fwa ankò pwouve angajman inebranlab li anvè moun Pòtoriko, pandan ke l’ap mande gouvènman federal lan aksepte responsabilite li epi finalman leve kanpe epi asiste nan yon fason ke yo te dwe fè depi lontan”.

**Manm Asanble Robert Rodriguez te deklare,** “Depi jou ke Ouragan Maria a te frape a, Gouvènè Cuomo te leve kanpe fas a Washington epi jije yo responsab pou repons fèb yo bay nan Pòtoriko. Jodi a, li kontinye mete presyon, pouse devan pou mande resous federal yo pou asiste sila yo ki te deplase pou ale nan New York. Mwen ap rejwenn Gouvènè a nan apèl li lanse pou gouvènman federal lan pou pran responsabilite epi mwen felisite li poutèt batay san fatig li pou bay moun Pòtoriko yo tout sa ke yo bezwen pou pwospere apre Maria”.

###

W’ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)